



The Children's Trust

Tout timoun se pitit nou tout

Misyon nou:

Se pou nou vin gen bon jan renome nan afè planifye, defann kòz timoun epi finanse bon jan sèvis pou amelyore vi timoun ak fanmi yo.

The Children's Trust
DIAL 211 HELPLINE

Se yon referandòm yo te vote pou tabli "Fon pou ede timoun" ki gen non Angle "The Children's Trust". Se yon lajan ki la pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Miami-Dade Konnti.



MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

- Fè timoun yo rete an sante tout pandan epòk fèt la. 2
- Pase fèt la an sekirite epi ak tèt ou klè 2
- Chèche yon fason pou amize w pandan sezon fèt yo menm si ou pa gen anpil mwayen 3
- Eklèsisman sou danje ki genyen nan lafimen sigarèt ak lafimen siga 4

ba yo plis konesans renmen yo plis

Telefòn 211 pou ou pran plis enfòmasyon
www.bayopliskonesansrenmenyo.org pou ou.



Vwayaj pandan sezon fèt la

Sarah Schwartz-Cuscus, EdM, manadjè aktivite kominotè nan mize pou timoun ki rele "Miami Children's Museum" a.

Vwayaj nan oto se bagay ki di pou timoun ki oblije ret chita an plas. Paran oblije ap kote pitit yo pandan y ap chèche wout, sa di pou yo tou. Men kèk teknik pou ede w fè vwayaj la pi dous.

Estasyon sou wout yo pa la pou moun pran repo sèlman. Estasyon sa yo la tou pou timoun kouri, ponpe epi detire kò yo. Chak dezèdan nou fè sou wout, detann nou omwen 10 minit. Anpil ti restoran gen kote pou timoun jwe. Kanpe nan yon pak oswa nan yon estasyon epi jwe boul, souffle boul kim savon, oswa jwe ak blad (bagay sa yo fasil pou gonfle lè n pare pou n jwe).

Pati bonè bonè. Sijeson sa a se pou moun ki gen kran. Si w fè lide pati granm maten, w ap gen tan byen lwen sou wout la anvan timoun ou yo reveye, y ap byen repoze nan chèz pwoteksyon yo nan machin nan. Si n ap vwayaje yon jou lasemèn, kanpe nan lè sikilasyon abitye bloke sou wout la oubyen eseye omwen evite gran wout yo. Si n ap prale byen dousman sou I-95 la a 5 mil alè, sa ap fè tout moun yon jan enève.

Sèvi ak teknoloji. Sa pa vle di mete yon DVD nan aparèy DVD a epi kite fanmi w pèdi nan sa y ap gade a, non. Libreri ak bibliyotèk gen yon dividal bon istwa ak mizik timoun sou CD. Ale sou sit wèb tankou iTunes oubyen audiblekids pou w kab telechaje bagay ki bon pou timoun nan aparèy mp3 ou a. Ploge l nan aparèy machin nan genyen pou pase mizik ak videyo pou fanmi an kapab pran plezi. Pou fanmi ki pa twò konn teknoloji, liv

regilyè bon menm jan an tou. Timoun kapab mache ak liv foto yo renmen anpil, oubyen ou kapab al jwenn yo nan chèz dèyè a kòm yon envite ki vin rakonte istwa.

Pa bliye bann trik ou konnen yo. Plen yon sack ak jwèt, jwèt elektwonik ak lòt bon ti bagay pou chak timoun nan machin nan. Mete bagay tankou ti machin, poupe oubyen ti nounous. Mete yon melanj ansyen jwèt timoun yo renmen ak nouvo sipriz pou kè kontan an kapab kontinye san rete. Sa ta bon tou pou w mete yon lòt kalite bon ti bagay deyò apre chak fwa nou kanpe. Mete plato an metal pou kuit ti bonbon nan pòch dèyè premye ran chèz yo, yo kapab sèvi kòm bon jan soumen pou fèy papye desen ak jwèt ki gen leman anba yo. Ou ka menm sèvi ak leman pou kenbe fèy papye desen yo. Pa bliye yon lòt valiz chaje ak ti goute ak bwason ki fasil pou timoun kenbe ak ti men yo.

Vwayaje ak timoun mande planifikasyon ak pasyans. Men si w òganize w epi ou prepare w, se sèten ou pap tande tèt ou k ap di, "Nou poko rive toujou?"



MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, - kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 211. W ap jwenn moun pou ba w enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele 211.



Fè timoun yo rete an sante tout pandan epòk fèt la

Sabrina Candelaria, MPH, RD, LDIN k ap travay nan Miller School of Medicine.

Bon ti bagay pou pase nan bouch tankou, gato ak ti bonbon tèlman popilè nan epòk fèt la, sa difisil pou paran fè pitit yo pase epòk fèt la san yo pa fè yon ti gwosi. Se pa yon bagay ki ra pou nou jwenn timoun ki twò gwo oubyen ki sou wout vin twò gwo.

Lè moun twò gwo, sa konn fè yo vin gen gwo pwoblèm sante. Pami pwoblèm sa yo, genyen: kolestewòl ki wo ak tansyon, dyabèt tip 2 (maladi sik), respirasyon ki koupe nan dòmi, epi opresyon. Ankouraje pitit ou kontwòl gwo li enpòtan anpil pou fè pitit ou rete an sante tout tan pandan tout ane a. Men, epòk fèt yo pote yon bon okazyon pou nou sèvi ak abitud ki bon pou sante, tankou nitrasyon ak aktivite fizik. Men senk ti konsèy pou w kab fè pitit ou rete an sante pandan tout epòk fèt la ak pi devan toujou:

- (1) Bay pitit ou yon manje maten ki bon pou sante pou ede yo koumanse jounen yo yon fason ki solid:** Pami meyè mwayen ki genyen pou w fè pitit ou rete an bon sante, se montre yo ki jan pou yo koumanse jounen yo ak yon repa ki bon pou sante yo. Gren konplè, sereyal ki pa gen anpil sik, pen konplè, pwodui lèt ki pa gen anpil grès oubyen ki pa gen grès ditou, fwi ki fre oubyen fwi sèch, ak ze, tout bagay sa yo se enpe nan tout chwa ki genyen pou koumanse jounen an byen. Lè pitit ou manje yon manje maten ki bon pou sante, sa ede pitit ou evite manje twòp nan fèt li ale pi ta nan jounen an. Si pitit ou pa santi l ap "mouri grangou" distans yo koumanse sèvi kèk ti goute, l ap pi vit pa manje twòp pase sa l ta dwe manje.
- (2) Balanse kalori nan manje pitit ou:** Toujou bay pitit ou manje ak ti goute anvan fèt yo koumanse, ba yo manje ak bwason ki chaje ak bagay pou nourri kò a, ki pa gen anpil kalori. Fè pitit ou pran abitud bwè anpil dlo, menm jan an tou, fè yo manje divès kalite fwi ak legim ki prepare yon jan ki amizan yon jan ki enterese yo. Lè w fè pitit ou bay kout men nan prepare manje, sa ede yo vin enterese goute manje yo pa t konnen anvan epi sa ap ba nou chans pou nou pase bon moman ansanm, sa se yon pati enpòtan nan peryòd fèt la.
- (3) Fè pitit ou abitye manje valè manje yo kapab manje:** Yon gwo pati nan kontwòl gwo li byen, se lè timoun aprann manje manje ki bon pou sante epi yo pa manje twòp lè y ap manje. Kontwòl gwo li plat manje se youn nan pi gwo difikilte ki genyen nan anpeche timoun vin twò gwo. Alò pran devan nan montre pitit ou lesou sa yo byen bonè depi w kapab. Lè w fè sa, w ap fè pitit ou kite plas pou yo ka pran ti moso nan manje yo wè ki fè pati amizman sezon fèt la, san w pa bezwen fatige tèt ou pou yo pa fè eksè.
- (4) Prepare manje ou pi renmen yon fason ki bon pou sante:** Chèche mwayen pou w fè manje ak desè tradisyonèl ou yo gen mwens kalori, mwens sik, mwens grès ak mwens kolestewòl. Sèvi ak manje ki chaje ak bagay pou nourri kò a. Men enpe egzanp: sèvi ak pire fwi nan plas bè oswa luil nan manje ou kuit anndan fou, sèvi ak gren antye tankou diri konplè, ble, kouskous, oubyen pat alimantè ki fèt ak gren antye pou ranplase amidon nou jwenn tout tan tankou diri blan, oubyen pwodui ki fèt ak farin blan tankou pat alimantè ak pen, sèvi ak blan ze sèlman nan plas tout ze a nèt, epi fè manje plis ak legim pase bagay ki chaje ak amidon avèk pwoteyin ki plen grès.
- (5) Toujou ap fè mouvman:** Pran abitud fè aktivite tou lè jou ak pitit ou menm jan yo bwose dan yo. Egzèsis regilyè pandan omwen 30 a 60 minit pa jou fè timoun rete an sante, sa fè yo gen zo solid, tansyon ki bon pou sante epi sa ede nan kontwòl gwo li kò a. Lè timoun ou yo abitye fè egzèsis ak lè yo gen abitud manje sa ki bon pou sante yo, gen mwens posiblite pou yo pran pwa pandan sezon fèt yo.



Pase fèt la an sekirite epi ak tèt ou klè

Suzie Kolb, MPA; Steve Dearwater, M.S.; Gayane Stepanian, M.A.; Susan Uhlhorn, Ph.D; ak Judy Schaechter, M.D.

Peryòd fèt la rive. Sa vle di tanperati a ap pi fre, pral gen limyè k ap mouri limen, epi sa k pi bon nan tout, fanmi ak zanmi k ap rasanble. Fèt yo fè n gen plis kè kontan nan epòk la. Men, se sèlman si nou pran prekosyon pou nou evite gran danje, sitou danje aksidan poutèt bweson.

Pran yon ti prekosyon anplis pandan peryòd fèt la. Pa pran risk ak fanmi w – oubyen ak yon lòt moun. Si tèt ou klè, chonje gen lòt moun sou wout la tèt yo ka pa klè. Dapre òganizasyon "Mothers Against Drunk Driving", gen 13.000 Ameriken ki mouri ane pase nan aksidan machin poutèt moun k ap kondi pandan yo tou sou ak alkòl. An Florid pou kont kò pa l, te gen yon mwayèn 119 moun ki mouri chak jou nan peryòd Aksyon de gras, Nwèl ak joudlan an. Nan Miyamidè Konnti, ane pase te gen 94 a 310 aksidan moun mouri ladan yo paske poutèt gen moun ki tap kondi tou sou.

Fèt nou pral fè pandan sezon nwèl la, rann yo pi an sekirite nan suiv ti konsèy sa yo:

- Fè plan kouman ou pral retounen lakay ou depi anvan fèt yo koumanse. Chwazi yon chofè ki gen tèt li klè epi bay moun sa a kle machin ou. Pran transpò piblik oubyen fè plan pou w pase nuit la deyò.
- Manje anvan w al nan yon fèt. Sa pap anpeche alkòl la aji sou wou, men l ap ralanti kous li pou l al antre nan san k ap koule nan kò w.
- Asire w gen anpil bwason ki pa gen alkòl ou kapab chwazi nan fèt la. Pami bwason moun renmen nan fèt nou jwenn, ègnòg ki pa gen alkòl, ji pòm fèmante, bwason gazez ak ponch. Fè lide pote bwason sa yo kòm patisipasyon pa w nan fèt la.
- Asire w chak envite nan fèt la ale ak yon chofè ki gen tèt li klè. Si w panse yon moun sou ka pral kondi pou l al lakay li, pran kle a nan men l. Ede l fè lòt aranjan. Zanmi pa kite zanmi kondi machin tou sou!
- Toujou tache senti sekirite w. Se pi bon defans ou kapab genyen pou pwoteje w kont yon chofè ki sou.
- Si w wè yon chofè sou wout la ki sou, rele 911 oubyen *FHP.

Suiv ti konsèy sa yo epi ede pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo kont aksidan pandan epòk fèt la. Sa ta ka pi bon kado pase tout lòt kado.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou pwoteksyon pandan peryòd fèt la, pran kontak ak òganizasyon "Injury-Free Miami" an nan 305-243-8838.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lek

Chèche yon fason pou amize w pandan sezon fèt yo menm si ou pa gen anpil mwayen

Michael Malone k ap travay pou Fon pou timoun yo "The Children's Trust".

Depi fèt an desanm yo rive, se limyè nou wè. Zetwal ki byen klere sou bò lès la, limyè Menora a (chandelye fèt juif la) ki dire anpil la, Michouma Saba a -7 bouji fèt Kwannza a, limyè klere pou fèt nouvo ane Chinwa yo pou fè bèt sovaj Nyann nan pè epi fè l pati ale. Nou ann espwa jou fèt nan sezon fredy a ap bèl anpil epi y ap pote anpil kè kontan – sitou pou timoun.

Men pèsonn pa bezwen fè n chonje ekonomi an ap glise desann sou yon move pant pandan mwa ki sot pase la yo. Se poutèt sa epòk fèt sa a pote yon gwo defi pou paran. Kanmenm ou kapab mare senti depans ou pou w kab pase yon epòk fèt ki chaje ak amizman epi ou pa menm bezwen yon mirak.

Sa ki va kle a se fè tèt ou travay epi aji an debouya. Reflechi plis pou ki rezon fèt yo la -- pase bon moman ak kè kontan ansanm ak fanmi ak zanmi epi bay sezon an ansanm ak tout istwa li pote valè yo epi chèche konprann sans yo genyen.

Gen operatè k ap travay sou liy telefòn espesyal Fon pou timoun yo, 211, pou bay moun konsèy pandan y ap travèse tan difisil. Liy 211 lan se youn nan sant apèl Switchbòd Miyami an. Operatè yo resevwa plis apèl telefòn pandan dènye semèn ki sot pase la yo poutèt ekonomi a k ap bese a, e y ap atann yo pral jwenn plis apèl toujou pandan epòk fèt la. Dapre Frank Sanabria (Frank Sanabria) ki direktè sèvis ki bay moun konsèy ak ranseyman sou telefòn nan Switchbòd Miyami, operatè yo okipe anpil depi kèk jou nan esplikasyon moun k ap rele yo ki jan yo kapab jwenn pwogram ak sèvis pou ede yo ak pwoblèm ipotèk (mògedj) yo pa ka peye, kay yo labank pral sezi, yo mete yo deyò, epi travay yo yo pèdi.

Li di kon sa, "Pi gwo pati pwoblèm nan kounye a, se ekonomi an ak travay – epi tou eta emosyonèl moun yo. Epi, avèk epòk fèt la, paran oblije ap kalkile non sèlman ki jan yo pral peye lwaye a, men ki jan yo pral fè pou yo achte kado tou."

Misyè remake yo resevwa pi plis apèl sitou pou pwogram apre lekòl. Moun ki rele yo, sitou manman k ap elve pitit pou kont yo san papa timoun yo pa la pou ede, twouve bagay la ap vin pi difisil toujou pou yo peye yon pri fiks pou pwogram apre lekòl pandan y ap kontinye peye dlo, kouran ak telefòn, lwaye ak lòt bezwen nesesè.

"Nou gen enpresyon se sentòm yo n ap trete, epi nou panse pa gen anpil èd ki disponib." Se sa mesye Sanabria di, pandan li fè konnen youn nan gwo wòl sant apèl la se bay moun konsèy. Li kontinye pou l di, "Se pa yon senp sèvis ransèyman pou di moun ki kote yo kapab al jwenn èd, nou se yon sèvis ki la pou di moun men ki chwa ki genyen epi pou nou wè ki sa k ap pi bon pou yo. Nou prezante kèk solisyon, epi yo decide ki wout pou yo pran."

Ane pase pandan epòk fèt la, sant apèl la te prepare yon pwogram li rele "Blues Press Release" pou ofri moun konsèy espesyal pou moun ka evite fè depresyon pandan epòk fèt la. Mesye Sanabria di sant apèl la vle pase alaksyon ankò ane sa a, men li vle evite ofri kominote Miyami an ki chaje ak moun ki soti divès kote diferan yon solisyon tou pare pou pwoblèm yo genyen.

Ajans ki rele "Family Counseling Services of Greater Miami", nan tèt ansanm ak Fon pou timoun yo, mete 2 pwogram sou pye o sèvis fanmi ki pap

touche anpil kòb. Ajans lan gen yon pwogram ki rele "Family and Schools Together" (FAST), kote plizyè fanmi reyini pou yo manje ansanm epi pou yo pase yon apremidi ki chaje ak aktivite ansanm. Pwogram sa a ede fanmi yo vin gen bon relasyon youn ak lòt.

Gres Jimenèz (Grace Jimenez) ki manadjè pwogram FAST la, di kon sa, "Anpil nan fanmi nou yo nan yon sityasyon difisil toutbon, e yo santi sa plis toujou ak epòk fèt la k ap vini an. Gres Jimenèz di pwogram nan ankouraje fanmi yo chèche bagay yo kapab fè ansanm ak pitit yo pandan epòk fèt la, bagay ki senp epi ki gratis tankou sèvi ak pòpkòn pou fè gilann epi sèvi ak pwodui ki fèt an papye pou dekore abdenwèl.

Gres Jimenèz kontinye pou l di, "Se pa yon kesyon achte epi depanse lajan nan bagay sa yo non, se plis ki sa ou kapab fè ki sa ou gen nan kè w pou fè." Li di "fanmi ap koupe sou depans nan tout bagay" e yo pral kontinye fè sa toujou pandan epòk fèt ki pral rive la a.

Gen anpil lekòl ak lekòl matènèl ki travay ak timoun yo pou prepare kado timoun yo kab bay paran yo. Gres Jimenèz sijere, "Ou kab sèvi ak menm lide sa a – se pa sèlman prepare yon kado pou paran an, men yon kado paran an kapab fè ansanm ak timoun nan."

Manmzèl di, "Difikilte ekonomik la pa ni bon ni move. Sa w wè a se sa. Paran yo bezwen konnen yo kapab fè yon bagay: mete sa yo genyen ansanm, jwe jwèt yo gen lontan yo pa jwe."

Gres Jimenèz ap atann anpil paran pral redui sou kantite kado yo pral bay ane sa a, e li di pa gen pwoblèm nan sa. Li di, "Timoun piti pa sonje si yo te jwenn 5 kado oswa 3 kado ane pase; yo kontan ak sa yo jwenn – pi gran timoun kapab aprann fè sa tou."

Si w bezwen konsèy ak èd, rele nimewo 211 Fon pou timoun yo genyen pou bay moun ransèyman ak èd.



Si w bezwen kèk lide pou w fè kèk dekorasyon ki pa koute chè pou fèt la, men kèk sit entènèt ou kab tcheke:

Talking Child
<http://www.talkingchild.com/craftsholiday.aspx>

Kinder Art
<http://www.kinderart.com/seasons/>

FamilyFun.com at <http://familyfun.go.com/arts-and-crafts/season>

Kaboose
<http://crafts.kaboose.com/>

Enchanted Learning
<http://www.enchantedlearning.com/crafts/>

Holiday Arts and Crafts
<http://crafts.holidays.net/>

Christmas Corner
www.christmascorner.com

Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:
www.thechildrenstrust.org

Eklèsisman sou danje ki genyen nan lafimen sigarèt ak lafimen siga

Doktè Kelly Liker, M.D., rezidan pedyatri nan Lopital Jaksonn ak Lopital Holtz pou timoun.

A fè respire lafimen sigarèt ak siga lòt moun fimèn, se yon danje ni pou sante granmoun ki pa fimèn, ni pou pitit nou yo tou. Minis Sante a kalkile gen 22 milyon timoun o Zetazini ki respire lafimen sigarèt, ki gen plis pase 250 pwodui chimik yo konsidere kòm pwazon oubyen ki kab lakòz kansè. Alò a ki pwen sa se yon danje?

Lafimen sigarèt nan lè a se yon gwo danje pou sante pitit nou:

- Timoun manman yo te fimèn pandan yo te ansent oubyen timoun ki gen paran ki fimèn, pi an danje pou yo mouri mò Sendwòm tibebe ki mouri sibit, ann angle yo rele sa "SIDS" (Sudden Infant Death Syndrome). Epi tou tibebe sa yo gen poumon ki pi fèb, epi yo fèt pi piti, ki fè yo pi vit soufri maladi nan poumon tankou nemoni ak bwonchit oswa bwonch.
- Timoun soufri plis sentòm maladi respiratwa si yo respire lafimen sigarèt, konpare ak sa ki pa respire lafimen sigarèt. Men ki sentòm yo ka genyen: tous, flèm, souf anlè, ak souf ki fè bri pandan timoun nan ap respire.
- Lè timoun respire lafimen sigarèt, sa fè yo gen enfeksyon nan zòrèy pi souvan, epi sa fè timoun ki gen opresyon gen kriz opresyon pi souvan.
- Timoun ki respire lafimen sigarèt pi vit gen pwoblèm aprann lekòl tankou nan lekti ak matematik, yo pi vit gen pwoblèm konpòtman tankou maladi ADHD (se lè yon timoun pa kab suiv sa y ap montre l pou lontan).
- Gen rechèch ki montre, pitit moun ki fimèn gen de fwa plis chans pou yo fimèn tou. Sa fè yon vin pi an danje pou yo fè maladi ki rele anfizèm nan, kansè nan poumon, maladi kè, ak lòt maladi ki mete lavi yo an danje.

Kounye a, ki sa yo ka fè pou redui danje sante sa yo pou pitit nou epi pou pwoteje yo kont lanmò sibit ak maladi ki an rapò ak lafimen sigarèt ak siga?

1. Sispann fimèn! Evite lafimen sigarèt, se meyè fason pou asire ni wou ni fanmi w ap an bòn sante. Doktè w kapab ede w fè plan pou w sispann fimèn, yon plan ki ka gen medikaman Depatman ki kontwòle afè manje ak medikaman apwouve pou ede moun kite fimèn.
2. Pa fimèn anndan kay ou. Sa pa ase pou w ouvè yon fenèt, ale nan yon lòt chanm oswa pou w mete aparèy pou filtre lè a. Lafimen sigarèt rete sou mèb yo epi sou rad ou, epi sa kapab fè pitit ou malad. Meyè fason pou w kenbe lè anndan yon kay san lafimen sigarèt se pa lè w pa fimèn anndan kay la.
3. Asire w pèsonn pa fimèn bò kote pitit ou, sa vle di zanmi, fanmi oubyen travayè nan gadri.
4. Pran bon ransèyman. Tcheke lokal yo pou w ka sèten yo pa gen lafimen sigarèt ak tabak ditou ditou. Mennen ankèt sou lekòl yo ak sant gadri yo, epi tou sou restoran oubyen sou boutik ou frekante yo.

Si w bezwen plis ransèyman sou ki jan pou w kite fimèn epi sa lafimen sigarèt fè timoun, tanpri kontakte:

1800-QUITNOW (1-800-784-8669)

www.cdc.gov/features/childrenandsmoke

Pwogram ki rele "Smoke-free Homes and Cars" nan

www.epa.gov/smokefree (disponible en español)

Òganizasyon "American Lung Association" nan

www.lungusa.org epi branch Florid la nan www.lungfla.org



Patisipe Nan ti Journal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sitiasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation 3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation (646-7229) Ak **United Way Center for Excellence in Early Education** (305-631-7600) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèviz pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220) and The Children's Trust (305-571-5700).

Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria
(305-646-7230)



Mixed Sources
Product group from well-managed forests, controlled sources and recycled wood or fiber
www.fsc.org Cert no. BV-COC-080207
© 1996 Forest Stewardship Council



ba yo plis komèsans



renmen yo plis

3250 SW Third Ave.
Miami, FL 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665